

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Eske nou pè pou fè dyalòg ?  
*Peur du dialogue ?*

*Bilten JILAP*  
*Bulletin JILAP*

**LAUDATO SI GENYEN 5 LANE**

**35**

Pòtoprens, jiyè 2021

## Men ki sa n jwenn nan Bilten an

Sonje defen yo .....	3
Yon refleksyon : <b>Eske nou pè pou fè dyalòg ?</b> .....	4
<b>Est-ce que le dialogue nous fait peur ?</b> .....	7
DOSYE : <b>Laudato Si gen 5 lane</b> .....	11
AKTIVITE JILAP : pozisyon piblik / kèt yo nan pawas / 4yèm Kongrè JILAP .....	18
POU ENFÒMASYON AK FÒMASYON N .....	22
Sou “jan an” / sou ekonomi / Edikasyon nan lang manman ou, yon dwa	
JISTIS AK LAPÈ TOUPATOU .....	30
Papwa Nouvèl Gine / Kanpay Fratènite nan peyi Brezil / Franswa Dasiz ak siltan Malek al-Kamil / Kèk pozisyon Pax Christi Kanpay “Dlo pou lavi” / lamò Kadinal Laurent Monsengwo / Ochan pou P. Miguel Jean-Baptiste / N ap mouri nan prizon / Yon tan pou lakreyasyon	

*p. 2: Monseye S. Ducange (foto intènèt) / p. 21 Kadinal C. Langlois (foto JILAP)*

Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans patnè yo ki soutni Komisyon an pou fè konnen Ansèyman sosyal legliz la. ADVENIAT Allemagne, EGLISE en DETRESSE Allemagne et CARITAS Westmalle Belgique. Se Komisyon Nasyonan Jistis ak Lapè a ki sèl responsab sa k ekri nan Bilten an.



La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de ADVENIAT, EGLISE en DETRESSE et CARITAS Westmalle dans le cadre de la diffusion de l'Enseignement social de l'Eglise. La Commission Nationale Justice et Paix est seule responsable du contenu des textes publiés.



### Sonje defen yo

Nan Bilten sa a nou sonje *Monseyè Ducange Sylvain, salb, Evèk akzilyè nan Achidyosèz Pètòprens Bondye* rele l lakay li jou ki 8 jen 2021. Nbu prezante kondoleyans nou bay Fanmi Pè Salezyen yo ak tout fidèl nan Achidyosèz la. Nbu fè sonje gwo enterè Monseyè Ducange te genyen pou travay Komisyon an. Li te montre sa nan bèl entèvansyon l te fè nan

Asanble Jeneral la nan lane 2018 nan Lilavwa, sou tèm « Jistis sosyal : chèche sa k kòrèk pou tout moun ». Se pou Granmèt la akeyi l nan Peyi Wà a kote k gen Jistis, Ké Kontan ak Ké Poze.

Komisyon an aprann ak anpil kè sere asasinay ki fèt nan dat 7 jiyè 2021 sou *Prezidan Repiblik la Jovenel Moïse* ak atanta sou fanmi li. Komisyon an kondane ak fòs asasinay sou moun, paske lavi moun se yon bagay sakre. Simen lamò ak asasinay pa dwe yon zouti pou fè politik nan peyi a. Komisyon an ofri lapriyè l bay Granmèt la pou defen an ak pou madam Martine Moïse ki blese ak fanmi li ki pase nan anpil eprè. Komisyon an toujou repete : se dyalòg nan verite, negosyasyon ak respè lalwa ki chimen pou regle tout dezakò ant moun ak gwoupman politik. Komisyon an mande pou tout limyè fèt sou asasinay la, paske peyi a pa kab kontinye ap viv nan enpinite ak bliye.

Yon ti mo anvan

## Eske nou pè pou fè dyalòg?

Nan peyi a, mo dyalòg la pa sonnen byen. Se kòm si lè ou pale dyalòg ou bay lòt la ki anfas ou rezon, oubyen li deja jwenn rezon pou mwaye. Konsa, pou anpil moun fè dyalòg, se defann oswa negosye pwòp enterè yo ... epi gen kesyon kòd rès la. **Eske moun pè pou fè dyalòg nan verite ?**

Epoutan, **tout analiz montre nesese ki genyen pou moun ak gwoup yo rive youn koute lòt epi pale antre yo, pou gen bon jan dyalòg, pou moun gade youn lòt nan je tankou frè ak sè, paske se sitwayen ak sitwayèn yon menm nasyon nou ye.**

Se vre, gen diferans nan mitan moun, gen divès enterè moun ap defann, gen listwa ki te kreye gwo distans pami yo, ak gwo blese nan lespri ak nan mantalite moun. Gen pakèt enjistis ak gwo distans sosyal ki merite yo korije yo prese prese. **Men, si pa gen youn tandè lòt ak pale ansanm, ki jan n ap rive rezoud diferan kesyon sa yo? Ki jan n ap fè peyi a grandi? Ki jan n ap fè pou peyi a menm pa disparèt? Si pa gen « youn koute lòt ak pale ansanm » ki jan y ap kapab fè medyasyon, negosyasyon pou chèche yon solisyon pou diferan pwoblèm yo ?**

**Petèt sou pwèn sa a, nou chak nou kapab gade pou tèt nou ki sa n wè kòm pi gwo pwoblèm nan peyi a ki fè moun pa kapab oswa pa vle koute lòt ak pale ansanm. Ki kote blokaj yo ye ... Men tou, nou dwe poze tèt nou kesyon, èske nou (mwen) wè dyalòg la nesese ?**

*Aprè Evèk Ayiti yo te fè dènye deklarasyon yo sou kriz peyi a<sup>1</sup>, yo te analize ak anpil verite koze manda prezidan an. Men apre sa, devan kriz la, yo te plede pou te gen chita tandè ki te dwe fèt, pou sòti nan sa n ye a. Tout aktè yo te repete analiz la, men se kòm si yo pa t li deklarasyon an jous nan bout, paske koze koute lòt la pa t enterese yo pou anyen.*

**Komisyon JILAP panse se yon ijans lafwa nou kòm kretyen pou n travay serye pou devlope yon vrè mantalite dyalòg nan peyi a.**

Men èske tout moun ki angaje yo nan non Komisyon an ak nan non lafwa yo kwè nan enpòtans dyalòg la? Eske nou menm, nou pratike dyalòg nan relasyon n ak moun nan pawas yo, nan aktivite yo ak ant nou menm menm nan Komisyon an?

**Ki jan Legliz la konprann koze dyalòg la ?**

---

<sup>1</sup> CEH, mois de mai 2021.

Koute youn lòt, epi pale ansanm, fè dyalòg, an reyalyte, se chèche ansanm sa ki vre, sa k bon, sa k jis ou kòrèk pou chak moun, chak gwoup ak tout sosyete a.<sup>2</sup> *Dyalòg pa sèlman yon nesosite, men li toujou posib*, menm si gen eksperyans ki pa bon, epitou, kapab genyen echèk ladan l. *Lè n gade sa k ekri la a ak anpil atansyon, n ap konprann fòs dyalòg la genyen, men tou, n ap wè : anpil bagay yo rele dyalòg pa genyen anyen pou wè ak sa dyalòg la vle di.*

### **Ki mak fabrik dyalòg la genyen, selon jan Legliz la wè l ?**

1. Dyalòg la dwe klè : youn dwe konprann lòt.<sup>3</sup>
2. Li dwe fèt ak dousè, san ògèy, san l pa blese moun.
3. Li dwe fèt ak konfyans nan pwòp pawòl n ap pale a, ni nan jan lòt la akeyi l.
4. Li dwe fèt ak pridans pedagojik, selon kondisyon ak santiman moun ki anfas la.<sup>4</sup>
5. Li (dwe) asepte lòt la diferan ak mwen menm, lòt la genyen pwòp sa k pou li ; nou dwe asepte nou diferan.
6. Li chèche sa k ini tout moun : nou reskonsab devan verite a ak jistis la.
7. Li chèche sa k byen nan lapè, nan respè pou diyite ak lavi chak moun. Li chèche tout mwayen ki nesese pou reyisi tankou negosyasyon, medyasyon, abitraj pou evite lahèn, rayisans ak divizyon, paske li chèche pou tè a tounen yon kote moun kapab viv ansanm. Dyalòg la se tankou yon premye pa ... pou n kreye kondisyon yo ki pèmèt nou sèvi ak lòt mwayen pou fè yon pa annavan. Lòt mwayen sa yo kapab medyasyon, negosyasyon, abitraj, ki yo chak gen pwòp règ pa yo.

### **Ki sa k anpeche dyalòg la pa kab fèt ?**

Lè n gade byen, gen dyalòg ki plis sanble ak yon « monològ degize » : chak moun ap pale ak tèt pa l pou konvenk lòt. Yo pa koute sa k anfas yo, yo pa vle bouje yon may. Youn pa tande sa lòt la di, yo panse se yo menm ki gen tout verite ak jistis. Yo egoyis ak avèg, yo pa tande; vwa yo pale pou tèt pa yo sèlman.

Pafwa se yon ideyoloji<sup>5</sup> ki fè pa gen dyalòg. Moun pale sou yon seri lide ki fèt depi davans ki mennen dyalòg la, san yo pa gen respè pou lòt la. Dyalòg la pa kapab donnen fwi nan kondisyon sa yo.

---

<sup>2</sup> Gade Pap Paul 6, ES (Ecclesiam Suam), n. 81.

<sup>3</sup> Dyalòg ak anons, n. 83 ak 84.

<sup>4</sup> Pap Jan Pòl 2, Dyalòg pou lapè, 1983.

**Men ki prensip ki dwe gide tout dyalòg selon ansèyman sosyal Legliz la<sup>6</sup> :**

**1. Nan tout dyalòg, yo dwe respekte diyite chak moun genyen**

Tout chapant, tout enstitisyon, se moun ki mete yo sou pye. Yo nan sèvis moun, yo dwe ede chak moun pou viv pi byen. Tout dyalòg ki vle devlopman total kapital, jistis sosyal ak liberasyon moun pa kapab pase akote egzijans sila a.

**2. Nan tout dyalòg, tout moun dwe egalego**

Sosyete nou an mete moun sou kote, li plen ak inegalite. Men chak moun fèt pòtre ak Bondye ak diyite. Tout moun se menm moun yo ye, yo sòti menm kote. Yo chak gen menm diyite. Nou dwe chèche mete sou pye yon sèl pèp ki gen yon menm objektif. Nou dwe depase tout kalite diskriminasyon, nenpòt ki sa k rasin li.

**3. Tout dyalòg dwe nan sèvis sa k bon pou tout moun<sup>7</sup>**

Sa k bon pou tout moun, se premye prensip si n vle òganize lavi sosyal pou tout moun yon fason kòrèk. *Se premye prensip moral nan zafè politik.* Se li k dwe premye prensip pou oryante tout aktivite politik. Se li pou n chèche reyalize anvan tout lòt bagay. Sa k nan enterè tout moun, se li k objektif la, an menm tan se limenm ankò k ap sèvi pou verifye si n nan bon chimen. Tout sa n fè epi planifye : tout mobilizasyon, grèv, petisyon, el. dwe fèt pou rive jwenn sa k bon pou tout moun nan. Se li menm tou dyalòg la ap chèche.

Kòm enstitisyon pastoral sosyal Legliz la, ki preche diyite moun e ki kwè ladan I, Komisyon JILAP toujou ap retounen sou kesyon dyalòg la. Koute lòt la, sitou moun nou pa dakò ak li pa fasil. Men ki jan yon sosyete kapab avanse si moun pa pale youn ak lòt nan laverite pou chèche sa ki dwat ak kòrèk?

---

<sup>5</sup> Ideyoloji, se konsa yo rele yon seri lide ki konstwi depi davans sou jan sosyete a ta dwe ye. Lide sa yo kapab oryante aksyon yon moun ap mennen; men tou, yo kapab fèmen li pou sa lòt yo panse.

<sup>6</sup> Yon atik P. Gary Bastien, cism, direktè Bon Nouvel elabore diferan pwen sa yo nan yon atik UNDH pral pibliye anvan lontan : « La pensée sociale de l'Eglise : dialogue pour le respect de la dignité de la personne humaine. »

<sup>7</sup> Sa k bon pou tout moun, se konsa nou defini sa yo rele an franse *le bien commun*. Legliz defini l tankou « yon seri kondisyon ki pèmèt chak moun ak chak gwoup moun reyalize tèt yo pi byen ak pi konplè. » Pami kondisyon sa yo, nou kapab nonmen : respè pou dwa chak moun, sekirite, swen pou sa k antoure n, pou gen lè pou respire ak dlo pou bwè ki pwòp, pou gen politik piblik ki pèmèt pòv yo jwi dwa yo, el.

***Nou mete ti refleksyon sa a devan n. An n poze tèt nou kesyon : Si pa gen dyalòg nan laverite, si moun refize koute lòt moun ki anfas yo, ki jan n ap sòti nan sityasyon nou ye a nan respè lavi ak diyite chak moun genyen ?***

*Ekip Bilten CE-JILAP*

*Editorial*

## Est-ce que le dialogue nous fait peur ?

Dans le pays, le mot « dialogue ne fait pas bonne presse. On dirait, parler de dialogue signifie reconnaître son tort et donner raison à la partie adverse ; au moins on lui donne raison à moitié. Ainsi, pour bon nombre de gens, quand on parle dialogue, ils pensent à défendre ou négocier ses intérêts ... et en plus, il y a la pratique de la corde raide. Est-ce que le dialogue dans la vérité fait peur ?

Pourtant, toutes les analyses prouvent la nécessité **pour qu'il y ait une bonne dialogue entre les personnes et les groupes, pour qu'il y ait une bonne écoute et la parole franche entre les personnes, pour que les gens puissent se regarder dans les yeux comme frères et sœurs, parce que, finalement tous et toutes sont frères et sœurs d'une même nation.**

Certes, les personnes humaines sont très différentes, elles défendent des intérêts divers, l'histoire a créé des distances, des blessures marquent les esprits et les mentalités des gens. Les nombreuses injustices et les distances sociales doivent être corrigées sans tarder. Mais, **s'il n'y a pas d'écoute mutuelle et d'échange de paroles, comment pourra-t-on résoudre ces problèmes ? Comment le pays pourra-t-il grandir ? Comment faire pour qu'il ne disparaisse pas ? S'il n'y a pas d'écoute et d'échange de paroles, comment organiser la médiation, une bonne négociation pour chercher et trouver une bonne issue pour les problèmes ?**

**Sur ce point, chacun devrait regarder ce qu'il considère être le plus grand problème que le pays affronte et qui est la cause de ce blocage, ce refus d'écoute et d'échange de paroles. Où se situe le blocage ? ... Mais, il faut se poser également la**

**question, est-ce nous considérons (est-ce moi je considère) le dialogue comme une nécessité ?**

*Dans la dernière déclaration de la CEH sur la situation du pays, ils avançaient analyse la question du mandat du président avec la vérité des faits. Devant la crise persistante, ils plaisaient pour .... Pour sortir de la crise. Tous les acteurs, même à l'intérieur de l'Eglise, ont répète l'analyse, mais ils donnaient l'impression de n'avoir pas lu la déclaration dans son intégralité, parce que la question de l'écoute de la partie adverse n'intéressait personne.*

**La Commission Justice et Paix pense qu'il est une exigence de la foi chrétienne de développer sérieusement pour développer une vraie mentalité ou attitude de dialogue dans le pays.**

Mais, est-ce que tous ceux et toutes celles qui s'engagent avec la Commission ou au nom de la foi croient à l'importance du dialogue ? Est-ce que, nous aussi, pratiquons le dialogue dans nos relations avec les fidèles dans les paroisses, dans nos différentes activités, et entre nous-mêmes, membres de la Commission ?

**Comment l'Eglise comprend-elle la question du dialogue ?**

L'écoute mutuelle et le dialogue ensemble, en réalité signifient chercher ensemble le vrai, le bon, ce qui est juste pour chaque personne, chaque groupe et toute la société. *Le dialogue ne constitue pas seulement une nécessité, elle est toujours possible, même s'il y a des expériences négatives, des déceptions ou des échecs. Si nous lisons attentivement ce qui est écrit dans cette contribution, nous comprendrons la force du dialogue ; mais nous découvrirons également que beaucoup de choses appelées dialogue, n'a rien à voir avec ce que le dialogue signifie réellement.*

**Quelles sont les caractéristiques du vrai dialogue, selon la vision de l'Eglise ?**

1. Le dialogue suppose et exige qu'on se comprenne<sup>8</sup> ;
2. Le dialogue se fait avec douceur; il n'est pas orgueilleux; il n'est pas offensant;
3. Le dialogue se fait avec confiance dans sa propre parole et dans la capacité d'accueil de l'interlocuteur ;
4. Le dialogue se fait avec prudence pédagogique qui tient compte des conditions psychologiques et morales de l'auditeur<sup>9</sup> ;

---

<sup>8</sup> Dialogue et annonce, n. 83 ak 84.



5. Le dialogue accepte la différence et la spécificité de l'autre ; chacun doit bien prendre la mesure de ce qui sépare les interlocuteurs ;
6. Le dialogue cherche ce qui est commun aux personnes même dans les oppositions et conflits ; on partage la responsabilité devant la vérité et la justice ;
7. Le dialogue cherche le bien par les moyens pacifiques ; il est volonté obstinée de recourir à toutes les formules possibles de négociations, de médiations, d'arbitrages de sorte que le rapprochement l'emporte sur la haine et la division ; il cherche à rendre la terre habitable pour tous et digne de tous. Le dialogue est donc comme un premier pas pour créer les conditions pour avancer qui permet de se servir de tout autre moyen pour avancer. Ces autres moyens sont médiation, négociation, arbitrage qui chacun ont leur propre règles.

### **Qu'est-ce qui empêche le dialogue ?**

Une observation attentive permet de voir que beaucoup de dialogue ressemble plus à des « monologues cachés » où chacun, à partir des positions fixées d'avance, cherche à convaincre l'autre. Il n'y a pas d'écoute, parce que tout est fixé depuis d'avance, et on cherche qu'à convaincre l'autre de sa vérité et justice. On étale égoïsme et aveuglement, pas d'écoute ; le seul interlocuteur est soi-même.

Parfois cet aveuglement est résultat d'une idéologie. On parle à partir des idées préfabriquées, sans aucun respect de l'autre. Aucun dialogue ne peut porter fruit dans ces conditions.

### **Principes qui doivent guider le dialogue, d'après l'enseignement social de l'Eglise<sup>10</sup> :**

1. ***Tout dialogue doit se faire dans le respect de la dignité de chaque personne***

Les institutions et structures sociales trouvent leur fondement dans la personne humaine. Elles sont au service des personnes et doivent les aider à vivre mieux. Tout

---

9 Pap Jan Pòl 2, Dialogue pour la Pai, 1983.

10 Yon atik P. Gary Bastien, cicm, dire

cteur de Bon Nouvèl, élabore ces différents points dans un article à publier sous peu par la UNDH : « La pensée sociale de l'Eglise : dialogue pour le respect de la dignité de la personne humaine. »

dialogue qui veut le développement intégral, la justice sociale et la libération humaine ne peut passer à côté de ces exigences.

### **2. Tout dialogue exige un principe d'égalité**

Notre société est une société d'exclusion, par conséquent inégale. Mais toutes les personnes ont été créées à l'image de l'unique Dieu, tous ont la même nature et la même origine. Il est donc nécessaire de construire un seul peuple avec les mêmes objectifs. Il faut donc dépasser et éliminer toute discrimination, n'importe son origine ou racine.

### **3. Tout dialogue doit être au service du bien commun<sup>11</sup>**

Le bien commun occupe la première place dans le processus de moralisation de l'activité politique. Elle est le principe d'intégration de l'activité politique. Le dialogue pour le développement intégral considère avant tout comme sujet et comme principe le bien commun. Le bien commun est un objectif à poursuivre ; en même temps il sert comme lieu de vérification et de cristallisation des normes idéales. Les manifestations, les grèves, les luttes entre divers antagonismes et oppositions n'ont pas de sens si ce n'est pas pour le bien collectif. Cela est un des fondements du dialogue.

Comme institution de la pastorale sociale de l'Eglise, qui proclame la dignité humaine et qui y croit fermement, la Commission Justice et Paix toujours encouragera la question du dialogue. L'écoute de l'autre, surtout celui qui prône des idées différentes n'est pas facile. Mais comment faire avancer une société si les gens ne se parlent pas dans la vérité pour chercher la vérité et la justice ?

***Nous vous présentons ces réflexions avec cette question : S'il n'y a pas de dialogue dans la vérité, si on refuse d'écouter celui qui est mon interlocuteur, comment sortir du marasme dans le respect de la vie et de dignité de chaque personne humaine ?***

*L'équipe du Bulletin CE-JILAP*

---

<sup>11</sup> L'Eglise définit le bien commun comme « l'ensemble des conditions qui permettent à chaque personne et aux groupes de se réaliser mieux et plus complètement. » Parmi ces conditions on peut énumérer : le respect des droits des personnes, la sécurité, le soin de l'environnement et de création, de l'air propre à respirer et de l'eau propre à boire, des politiques publiques qui permettent aux pauvres de jouir leurs droits.

## Dosye

### *Laudato Si* genyen 5 lane

Lane 2015 sete yon ane enpòtan pou kesyon ekoloji a. Nan lane 2015 la, Pap Franswa te pibliye yon ansiklik<sup>12</sup> *Laudato Si*, ki te ede anpil moun pran konsyans kesyon an. Nou dwe di : plis moun vin konprann : mòd devlopman nou genyen an ap finalman detwi tè kote n ap viv la ak lakreyasyon an ki ta dwe soutni lavi sou tè a ; plis toujou, l ap detwi tou relasyon sosyal pami moun ak pèp yo.

Nan menm ane 2015 la, 30 novanm rive 11 desanm 2015, nan vil Pari (kapital Lafrans), 80 chèf Leta t ap reyini pou poze kesyon anviwònman an. Se pa premye fwa chèf Leta yo ap pale sou koze a. Chak konferans konsa bay espwa pou kab gen yon ti avansman pou jwenn yon moso solisyon pou gwo pwoblèm latè a, kay sa a nou pataje ansanm nan, ap travèse yo.

Sitiyasyon an grav. Si anyen pa fèt, klima a ap gen pi plis chanjman ladan l ki pa bon pou lavi moun sou tè a ; anpil fòm lavi kapab disparèt, dlo ak lè pwòp pou moun kab viv ap vin pi difisil pou jwenn, el. Gen moun save ki mare koze viris, tankou kowona a, k ap devlope yo ak tout kalite twoublay ki genyen nan ekosistèm yo.

Dwa pou viv nan yon anviwònman ki kòrèk pou chak moun se yon « dwa solidarite » li ye. Sa vle di : si pa gen solidarite diferan peyi ak gouvènman yo, si tout moun pa pran konsyans ak reskonsablite yo, limanite pa kab rive jwenn yon solisyon toutbon pou diferan kriz ekolojik yo.

Kèk mwa anvan konferans sa a nan vil Pari, Pap Franswa te pibliye gwo dokiman nou t ap pale a, yon ansiklik ki rele *Laudato Si*, Se pou ou beni

---

<sup>12</sup> Ansiklik : dokiman sou yon lèt Pap yo ekri bay Evèk yo, fidèl yo, ak tout moun bòn volonte, kote yo esplike yon pwèn presi nan ansèyman Legliz la. Plizyè ansiklik nan yo esplike ansèyman ak moral sosyal Legliz la, tankou *Laudato Si* Pap Franswa te ekri a.

Granmèt, pou poze kesyon ekoloji a ak tout dimansyon ki genyen ladan yo. Kesyon ekoloji se yon chwa tout limanite (sa vle di : tout peyi yo ak sitwayen ki anndan yo) dwe fè. Sa se yon chwa etik, yon chwa anfavè yon seri valè, ki mande peyi ak nasyon yo gade pi lwen pase kote enterè yo ye. Pap la plede anfavè yon « konvèsyon ekolojik » ki pèsònèl pou chak moun, men tou, ki kolektif, sa vle di : nou pote l ansanm.

Nan lane 2020 mond lan ap viv yon kriz sanitè ki touche tout pèp sou latè : kriz kowona a ki pwodui maladi kovid 19 la. Anpil moun save panse kalite kriz sa yo genyen relasyon ak anviwònman moun ap viv ladan an.

Nan tèks sa a, nou prezante yon ti degi sou dokiman *Laudato Si*. Li enpòtan pou manm JILAP yo konnen dokiman an, pou yo konprann sans li genyen, konsa, y ap kapab ede plis moun viv yon fason pi reskonsab nan mitan tout sa Bondye kreye.

Yon dokiman Legliz ki te gen anpil enpak ak rezilta pozitif

An jeneral dokiman Legliz yo pa fasil pou li yo. Si se konsa, pou kisa anpil moun ap koute *Laudato Si* ?

- Ansiklik la vini nan yon moman genyen gwo kriz ekolojik, konsa, li pale sou pwoblèm reyèl moun yo santi nan kò yo ak nan vi yo ;
- Li mare ansanm relasyon moun yo genyen ak tè a, ak sou relasyon moun yo genyen antre yo:

Konsa, se yon ansiklik « vèt », ki plede pou gen respè pou lanati, men tou, se yon ansiklik « sosyal » ki mande pou genyen pi plis jistis sosyal pami tout klas sosyal ak pèp yo.

- Finalman, langaj dokiman an pi fasil pou li; li pa sèlman reprann dokiman Legliz la menm, men li sèvi ak enfòmasyon ki sòti nan lòt sous ak nan sa legliz lokal yo ekri.

Men pi gwo kesyon an

« Ki kalite latè nou vle kite dèyè n pou moun k ap vini apre nou yo ak pou timoun yo k ap grandi nan mitan n ? » Kesyon an touche ak latè, ki se kay nou abite ansanm nan. Kesyon sa a dwe fè n poze lòt kesyon toujou : « Pou kisa nou la ? Pou kisa nou jwenn lavi ? Pou kisa n ap lite ak travay ? Pou kisa latè sa a menm bezwen n ? » (LS, n. 160) Si n pa poze kesyon sa yo, preyokipasyon ekolojik nou yo pa p jwenn bon repons.

Nou se yon moso nan latè a : kò n fèt ak menm eleman sa yo ki fè planèt la, se yo k nourin ; se lè ak dlo a ki ba n bon lavi ak fòs (LS, n. 155). Yon « ekoloji pou moun » ap konprann sa, epi l ap konprann ki jan tout lavi gen yon lwa moral ladan l ki ekri nan lanati, nan sa n ye a.

Devan move trètman n ap bay anviwònman an, li nesèsè pou reyalize yon chanjman radikal, yon vrè «konvèsyon ekolojik ». Ansanm, nou dwe pran swen pou kay sa a epi pwoteje l. Gen yon sansiblite k ap grandi pou sove tè a, men li dwe grandi toujou. Ak dokiman an, Pap la pale ak kretyen yo, men tou, li pale ak tout moun, paske kesyon an konsènen yo tout.

Dokiman an genyen plizyè chapit

Chapit 1 poze kesyon : **Ki sa k pase nan kay nou an ?** Dokiman an kite moun lasyans pale. Gen kesyon klima, epitou, moun yo asepte pou nenpòt salte ak dechè anvayi yo, dlo yo vin sal, klima a chanje, biyodivèsite anba menas, gen koze dèt ekolojik la, menm lavi sosyal la ap degrade. An jeneral, reyaksyon sosyete a fèb sou zafè ki gade anviwònman an. Moun manke pran responsablite yo ; kilti a ak mantalite jeneral la pa soutni yo ; nou bezwen kesyone sou estil lavi n ap mennen an : fason n pwodui byen ak fason n sèvi ak yo (sa se kesyon ki poze kesyon sou sistèm ekonomik nou an).

Chapit 2: **Gade Levanjil kreyasyon an.** Dokiman an envite n pou n li Labib la ak tradisyon Juif yo ak kretyen yo pataje ansanm. Nou pa bondye ; latè a te la anvan nou, se pou Bondye Granmèt la li ye, se li ki te ba nou l (LS, n. 67). Moun genyen yon gwo responsablite terib pou lakreyasyon an, paske nou jeran yon byen ki destine pou tout moun kapab viv (LS, n. 95).

Chapit 3 ap etidye **rasin kriz ekolojik la ki nan moun nan menm.** Pap la afime : moun nan pa konn bèl pozisyon li okipe nan lakreyasyon. Yo rele sa « *anthropocentrisme* », sa vle di : moun nan konsidere tèt li kòm sèl sant tout sa k egziste (LS, n. 115). Se menm lojik sa a ki

fè moun pa respekte lakreyasyon an, ki fè moun pa respekte lòt moun parèy li yo nonplis : konsa, moun k ap fè trafik moun, ki pèmèt yo fè abi sou timoun, ki fè yo abandone granmoun, ki pa gade diferan espès lavi yo ki disparèt, ak jan yo esplwate dyaman ak lòt richès latè genyen nan san (nan enjistis ak lagè), se yo menm tou ki tolere konpòtman mafya, trafik ògàn ak kesyon nakotrafik (LS, n. 123), yo dakò kèk moun ap ramase tout bon tè pou yo menm, yo asepte yo menase biyodivèsite a, epi yo deranje ekosistèm yo.

Chapit 4 mande **ki solisyon ki genyen** ? Dokiman an plede pou yon « ekoloji entegral ». Nou andwa konsidere chapit sila a tankou nannan ansiklik la. Si tout bagay mare ansanm, nenpòt fay k ap genyen nan solidarite a ak nan jan sosyete a òganize ap pwodui domaj nan anviwònman an (LS, n. 142). Dwe gen solidarite ant jenerasyon yo, menm jan li dwe egziste tou nan mitan moun anndan yon menm jenerasyon. Nou dwe asepte lavi, sa vle di kò n ladan l tou, tankou yon kado Bondye fè n. Nou dwe devlope yon « ekoloji moun » ki mande moun respekte pwòp tèt pa l ak tout lalwa lanati mete devan l.

Dènye chapit yo 5 ak 6 ap trase **oryantasyon pou aksyon pi devan an**. « Legliz la pa pretann defini kesyon syantifik yo, li pa pran plas politik la. Li envite n nan yon deba onèt ak transparans, pou evite pou sa k bon pou kèk moun sèlman yo ak ideyoloji yo pa afekte sa k vreman nan enterè tout moun nan » (LS, n. 188).

Finalman bon jan edikasyon dwe fèt, epi nou dwe devlope yon esprityalite ki bay ekoloji tout plas li merite.

Konnen listwa moun sou tè a

Listwa planèt tè a, pa menm ak listwa moun sou tè a. Pafwa nou panse se menm bagay.

Moun egziste sou latè depi 200.000 lane. Men planèt tè a te kòmanse 4 milya 500 milyon (4.500.000.000) ane pase.

Yo panse premye zansèt moun t ap viv sou latè a plizoumwèn 2 milyon ak 600 mil (2.600.000) ane pase.

***Pou konprann chif yo pi byen. An n konpare tan tè a egziste ak yon jounen ki genyen 24 èdtan ladan l.***

***Moun parèt sou tè a nan dènye 5 segonn yo. Sa vle di : parapò ak tè n ap viv ladan an, moun nan fenk parèt.***

Okontrè, gen lavi sou latè depi 3 milya 500 milyon (3.500.000.000) lane. Premye lavi, se lavi « senp », paske sa k pote premye lavi a pa t genyen anpil selil ladan l. Men plant yo ak bèt yo nou abitye wè yo pokò la lontan nonplis.

Gen diferan kalite lavi, epi youn bezwen lòt pou l kapab egziste. Gen yon ekilib ki toutan ap evolye ant diferan kalite lavi ki genyen yo.

Ti moman moun ap evolye sou tè a, prezans li chanje anpil bagay nan lanati. Chanjman klima a poutèt tanperati fas tè a k ap chofe pi rapid pase jan sa te fèt anvan. Sa se yon bagay ki fenk fèt. Li menm mete lavi moun andanje.

*Lavi se yon mèvèy ... lavi moun se gwo mèvèy paske moun santi, ki kapab kalkile epi rezone ; anplis li gen libète pou pran pwòp desizyon pa l yo.*

*Lavi se yon mèvèy Bondye mete. Kòm moun, nou patisipe ladan l. Nou fèt pou n respekte l e pwoteje l.*

*An n respekte lakreyasyon Bondye a, kay kote Bondye abite.*

*An n respekte lavi ak lavi moun sou tè a.*

## ***Yon semenn Laudato Si***

Sou demann Pap Franswa, semenn anvan 6yèm anivèsè ansiklik la (16 rive 25 me 2021), plizyè òganizasyon nan Legliz te òganize *yon semenn Laudato Si*. Yo te diskite (ak konferans videyo) plizyè sijè : ki jan pou konbat zafè klima k ap chanje ak tanperati latè k ap chofe a ; dezentisman lajan nan aktivite ki gate anviwònman an (sa vle di : enstitisyon ki genyen lajan labank, se pou yo veve pou labank pa mete kòb yo nan aktivite ki gate anviwònman an pi plis) ; koze yon espirityalite ekolojik : chèche bon jan motivasyon nan lafwa a pou mennen aksyon efikas ak konviksyon. Yo t ap gade tou plizyè aksyon gwoup Legliz ap mennen tankou resikle plastik, fè brik ak li, agrikilti ekolojik, el.

Kounye a yo pwopoze pou Legliz la soutni yon mouvman oswa rezo pou sove latè a. Lide a se : *si Legliz la ki yon rezo ki nan tout peyi, ki prezan prèske toupatou, angaje l ak konviksyon epi mennen yon seri aktivite ansanm, Legliz kapab genyen enfliyans epi mete presyon sou moun k ap pran desizyon yo pou reyalize divès chanjman ki nesèsè. Pou sa yo mete sou pye yon platfòm ki genyen plizyè objektif yo vle reyalize ansanm :*

1. Sèvi ak enèji ki kab renouvle (tankou solèy ak van; sa k pa renouvle se gaz ak petwòl);
2. Rive nan yon sitiasyon kote zafè kabòn (CO2) ki deyò a pa ogmante ankò;
3. Pran defans lavi sou diferan fòm li fin pran yo;
4. Solidarite ak pèp natifnatal yo nan diferan kote sou latè, epi ak gwoup ki vilnerab yo;
5. Asepte pou viv yon fason ki pi senp, kote pa gen gaspiyay, el.;
6. Fè pwomosyon pou edikasyon nan domèn ekoloji ak espirityalite (ou motivasyon lafwa);
7. Fè pledwaye pou yon kalite devlopman ki kapab soutni tèt li;
8. Asepte epi swiv direktiv etik pou fason ou sèvi ak lajan ou, ki gen ladan l: pa mete kòb nan endistri kabiran (gazolin, diyezèl, chabon, el.) ki sòti anba tè nan plant ak bèt ki dekonpoze (*fossiles*) ak lòt aktivite endistriyèl ki domaje planèt nou an.



Platfòm nan ap elabore objektif ki espesyal pou fanmi yo, pou pawas yo, lekòl ak inivèsite yo, pou antrepriz ak pou òganizasyon peyizan yo, pou kongregasyon relijye, pou lopital ak diferan kalite sant sante yo.

**Sa se yon gwo pwojè ki mobilize tout moun, tout Legliz la ak diferan enstitisyon yo. Zafè anviwònman dwe enterese Komisyon JILAP nan peyi a. Li dwe enterese Karitas. Li dwe touche edikasyon Legliz ap bay la, tout pastoral sosyal la ak diferan enstitisyon ki akonpaye moun nan non lafwa yo. Renmen Bondye vle di : renmen tè sa a Bondye te kreye a ; pran swen l tankou bon jeran. Moun ki kwè nan Bondye Papa a pa kapab endiferan devan inisyativ sa yo nou vle mennen ansanm ak tout fidèl yo, frè ak sè nou yo, sou tout fas tè a.**

*JH*



## Aktivite JILAP

### POSITION PIBLIK JILAP TE PRAN

Rapò JILAP nasyonal nan tèt ansanm ak JILAP ACHIPO (Pòtoprens)

- *Je Wè, Bouch fèt pou pale*. Mwa avril rive jen 2020. Nimewo 75. Enpinite se lènmi demokrasi.
- *Je Wè, Bouch fèt pou pale*. Mwa jiyè rive sektanm 2020. Nimewo 76. Krim òganize ak krim politik yo pa pini, se krim kont limanite yo ye.
- *Je Wè, Bouch fèt pou pale*. Mwa oktòb rive desanm 2020. Nimewo 77. Kidnapin: yon lòt kalite kriminalite.
- *Je Wè, Bouch fèt pou pale*. Mwa janvyè rive mas 2021. Nimewo 78. Respè pou moun nan detansyon.

### Pozisyon piblik CE-JILAP te pran

- *Mesaj Komisyon Episkopal Nasyon Jistis ak Lapè nan okazyon selebrasyon 50 lane prezans li nan peyi d Ayiti*. 4yèm Kongrè nasyonal sou tèm : *JILAP 50 lane konba nan sèvis diyite ak dwa moun yo an Ayiti*. Emayis Papay / Ench, 12 novanm 2020.
- *Karèm 2021. Pran swen kay Bondye kote nou abite ansanm nan. Medite nan tan karèm ansanm ak Laudato Si*. Ane litijik B.
- *Nòt laprès sou kondisyon lavi moun anndan prizon yo*, 18 mas 2021.
- *JILAP nan tèt ansanm ak CRAN*, Yon pwojè Konstitisyon k ap touye demokrasi ak patisipasyon. Yon pwojè Konstitisyon k ap touye libète moun. Pòtoprens 3 me 2021.
- *JILAP nan tèt ansanm ak CRAN*, Yon pwojè Konstitisyon ki chaje ak pyèj pou demokrasi, patisipasyon ak libète – 2, Pòtoprens, jen 2021. Nòt ak pwèn pou laprès.

- *Nòt pou laprès pou denonse vyolans gang ame k ap goumen antre yo nan Matisan, ki blije anpil moun kouri kite kay yo, 11 jen 2021.*
- *Nòt pou laprès pou kondane zak asasinay ki fèt sou fanmi prezidansyèl la, Pòtoprens, 7 jiyè 2021.*

Kèk nòt pou laprès ak pozisyon piblik CE-JILAP te siyen nan tèt ansanm ak lòt

- *Assassinat de Me Monferrier Dorval : Les organisations de défense des droits humains exigent l'ouverture d'une enquête judiciaire.* Ensemble avec POHDH, CARDH, CRESFED, PAJ, RNDDH, SKL.
- *Lettre au CSC/CA pour exiger sanctions administratives et financières contre les nouveaux conseillers (CEP).* Ensemble avec RNDDH, CARDH, CRESFED, CONANE.
- *Haiti : Stop au silence et à la complicité internationale.* Publié dans *La Libre Belgique*, 19 octobre 2020. CE-JILAP te siyen apèl la ansanm ak 82 òganizasyon entènasyonal ak nasyonal. Pami yo nou jwenn : CCFD, CETRI, Collectif Haiti de France, COEH, Entreaide et Fraternité, Frères des Hommes, Viv Don Bosco ; epi an Ayiti : ICKL, ITECA, MPP, RNDDH, ...
- *Appel à la communauté internationale pour soutenir les communautés affectées par l'extractivisme [les exploitations minières] dans les Amériques dans leur lutte pour leur droit à l'eau.* 30 juin 2021. Avec une coalition de membres et associés de Pax Christi International.

JILAP PODEPE

- *Deklarasyon Komisyon JP dyosèz Pòdepè nan dezyèm rankont KED, jou ki 23 desanm 2020 sou konjonkti peyi a espesyalman nan depatman Nòdwès la.*
- *Deklarasyon Jistis ak Lapè nan dyosèz Pòdepè nan okazyon 72 lane egzistans Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, 10 desanm 2020.*
- *Nòt pou laprès. Ensekirite, vyolans, vagabondaj, brigandaj ak laperèz blayi nan dezyèm seksyon kominal Senlwi Dinò depi plis pase 20 lane, 12 novanm 2020.*

- *Nòt laprès pou fè solidarite kont kowona la ak kont otorite nan konsèy kominal yo, an patikilye majistra Pòdpè ak Chansòl k ap ranfòse vyolans ak represyon sou popilasyon an.*
- *Nòt laprès nan okazyon 33zyèm anivèsè masak Ti Peyizan Tèt Ansanm nan Jan Rabèl nan dat 23 jiyè 1987, 23 jiyè 2020.*

#### JILAP ANSAVO-MIRAGWAN

- *Mesaj sou zak ensekirite nan depatman Nip lan, 20 fevriye 2020.*
- *Nòt laprès, 8 mas 2020. Mesaj nan lokazyon jounen nasyonal Jistis ak Lapè epi jounen mondyal medam yo.*
- *Mesaj nan okazyon kriz politik ak vyolans kap kangrennen peyi a espesyalman depatman Nip, 15 Oktob 2020.*

#### **KET nan dezyèm dimanch tan Karèm**

*Nou pa toujou rive konn tout rezilta kèt yo. Pafwa yo rive ak anpil reta. Nan yon lespri rann kont, reskonsablite ak rekonesans pou moun ki kwè nan travay JILAP, nou pibliye rezilta nou gen tan konnen yo pou ane sa a (2021).*

#### DYOSEZ JAKMEL

*2021. Pawas Montagne Lavoute (2.000 goud); Cayes Jacmel (6.000 goud); Peredo (2.000 goud); Côtes de Fer (2.165 goud); Sacré Coeur Meyer (1.250 goud); Marigot (3.065 goud); Grandou (660 goud).*

#### ACHIDYSEZ POTOPRENS

*2021. Chapèl MIC (Sè Delia – ki nan pawas Sen Maten sou Dèlma) (10.203 goud).*

*Nou espere jwenn lòt rezilta yo anvan lontan.*

4èm KONGRE JILAP te fèt nan Sant EMAYIS a Papay, nan Hench, depi 9 rive 13 novanm 2020, sou tèm « **Jilap 50 lane konba nan sèvis diyite ak dwa moun yo an Ayiti** ».



*Kadinal Chibly Langlois, prezidan JILAP*

Yon ti bout nan Mesaj Kongrè a voye bay Pèp Bondye a :

Nou mande ak ensistans

- Pou n gen plis respè pou moun ak pou lavi moun ;
- Pou moun aprann koute yonn lòt, sitou nan domèn politik ;
- Pou otorite travay pou moun kab viv, jwenn manje, bon swen lasante ak travay ;
- Pou gen plis atansyon pou peyizasyon yo ak travayè yo, gason kou fi, ki se fòs ekonomi an ;
- Pou jèn yo pa mete konfyans nan vyolans ak zam ;
- Pou n batay kont koripsyon ak enpinite a k ap ravaje peyi a ;
- Pou nou travay pou pwoteje anviwònman an ki se kay kote Bondye rete avèk nou.

*Nou konseye tout manm JILAP ak tout pawas yo nan peyi a etidye mesaj ki sòt nan Kongrè a, pou konprann lespri travay Komisyon an pi byen nan konjonkti peyi a ap viv jodi a nan peyi d Ayiti.*

## Pou enfòmasyon ak fòmasyon nou

### Yon dokiman Legliz sou kesyon « Jan an » sou fason moun ap viv reyalite gason ak fanm

*Nan gouvènman santral Legliz katolik la, genyen diferan depatman ladan l. Konsa, genyen yon gwoup moun k ap reflechi sou koze edikasyon timoun ak jèn yo. Depatman pou edikasyon katolik la pibliye yon dokiman ki gen kòm tit : « Li kreye yo gason ak fi. Pou louvri yon chimen dyalòg sou kesyon « jan an » nan travay edikasyon an ». <sup>13</sup> Men kèk lide ki soti nan dokiman an.*

Ki sa n rele « jan an »<sup>14</sup> ? Sou ki sa dokiman an pale ? Pou kisa yon dokiman konsa ?

Men yon konsta otè dokiman yo fè: Gen yon ideyoloji k ap fè chimen l ki di: pa gen diferans oswa yon alevini natirèl ant gason ak fi. Si gen gason ak fi nan sosyete a , se sosyete a ki fè l fèt konsa. Se sosyete a ki bay chak moun wòl yo ak tout diskriminasyon ki mache avè yo. Gen diferans nan kò a (nan jan lanati fè moun), se vrè, men se sosyete a ki bay gason ak fanm pwòp wòl sosyal pa yo. Se kòm si ta dwe gen yon sosyete kote pa gen diferans sèks (gason ak fi) ladan l.

Dokiman an demake l ak mòd panse sa a, paske selon sa l di, se li ki kapab detwi fondman fanmi an, paske fanmi an chita sou jan moun nan ye; moun yo fèt ak diferans sa a nan kò yo ki genyen ant gason ak fi. Diferans sa a ale pi lwen pase sèl sa fizik la bay.

Ideyoloji sa a tou, konsa dokiman an pale, si w ap swiv li, alabaz yon pwojè edikatif ak yon seri regleman lwa ki ankouraje yon sèten fason pou moun konprann idantite yo, (oswa jan

---

<sup>13</sup> Congrégation pour l'Éducation catholique, *Il les créa homme et femme. Pour un chemin de dialogue sur la question du Genre dans l'éducation*, Cité du Vatican, 2019, 26 p.

<sup>14</sup> En français on parle de « genre »; en anglais de "Gender". Pa gen mo an kreyòl ki esprime byen sa yo vle di ak mo sa yo. Sitou mouvman feminis ap sèvis ak « jan an » pou esprime : si ou gason ou fanm ak sa sa vle di nan sosyete a, se kilti ak edikasyon ki ba ou li.

I konprann tèt li kòm moun). Se kòm si yon moun kapab fè yon chwa pou tèt pa l pou deside ki sa l (vle) ye, epitou, li menm kapab evolye ou chanje chwa sa a nan lavi li.

Nan kad Bilten an nou pa kapab antre nan tout deba a sou diferans ki genyen ant « sèks » ak « jan » yon moun. Si sèks pale sitou sou kò fizik moun nan, jan an ap pale sou wòl li kòm gason ou fi anndan sosyete a ; se sitou kilti, abitud yo ki fè yon moun konprann pandan edikasyon l ki sa yon gason ak ki sa yon fi kapab fè anndan sosyete nou ladan an. Nou annik reprann yon pasaj sou fason Legliz la konprann zafè gason ak fanm nan sosyete a, afè sèks ak jan an.

*Ki jan Legliz la wè kesyon gason ak fanm nan ?*

34. Li nesèsè pou ensiste sou rasin metafizik [rasin ki ale pi lwen pase sa sèl aparans fizik la bay] diferan sèks yo genyen, an reyalite, gason ak fanm se 2 modalite pou eksprime yon reyalite trè pwofon pou montre sa yon moun ye nan li menm. Se yon repons nou bay kòm moun kont sa ki pa asepte genyen gason ak fanm, yo toude, ki genyen lafanmi kòm rezilta. ...

35. Konsa, edike moun pou konprann sa sèks ak afektivite [santiman atirans ant gason ak fanm] vle di. Aprann moun, ak pèsèverans e yon fason koyeran, ki sans kò moun genyen, nan tout verite, ki vle di tou : selon si ou gason oubyen si ou fanm. Sa vle di toujou : aprann resevwa pwòp kò l, pran swen li, respekte tout sans li genyen. Li nesèsè pou bay kò n valè li genyen nan sa l ye kòm fanm oswa kòm gason, epi pou n kapab rekonèt pwòp tèt nou nan rankont la nou fè ak lòt moun ki diferan, pou youn kapab anrichi lòt. ...

36. Lafanmi se kote natirèl la kote relasyon alevini ak kominyon sa a, ant gason ak fanm reyalize toutbon. ...

37. Premye [dwa fondamantal] fanmi an genyen, se pou n rekonèt li tankou kote pedagogik ki pi enpòtan kote yon timoun jwenn fòmasyon li. ...

38. Yon lòt dwa ki pa pi piti nan enpòtans li genyen, se rekonèt dwa timoun nan genyen pou grandi nan yon fanmi, ak yon papa ak yon manman ki kapab kreye yon anviwònman ki adapte pou lavi afektif li kapab devlope e grandi. ...

*Si n gade pawòl sa yo byen, nou wè pou Legliz, dwa moun pa vle di dwa ou genyen pou fè ak kò w ak sa ou ye a selon « sa ou vle », men pito aji ak tout libète ou selon sans kò a genyen. Ou pa janm mèt kò ou. Kò a, ki oswa gason oubyen fanm, se yon kado nou*

*resevwa a. Li gen sans li nou asepte kòm yon misyon. Ak sa nou pokò fin di tout bagay sou tandans seksyèl moun kapab pote nan kò l e ki sanble pa reponn ak sa lanati a bay. Kesyon sa yo depase ti kont randi sou dokiman nou prezante a.*

JH

### **Kalkile sou yon lòt kalite ekonomi**

26-28 mas 2020. Pap Franswa konvoke yon rankont espesyal pou etidye sistèm ekonomik n ap viv ladan an. Nou bezwen yon sistèm ekonomik ki pa mete moun sou kote. Rankont sa a te dwe fèt nan vil Asiz, kote Franswa ki sen te viv, men poutèt pandemi kowona ak kovid-19 yo te blije chanje ni dat ni kote yo t apral fè l la. Finalman yo te fè rankont la nan mwa septanm 2020, epi yo fè l ak yon teknik yo rele vizyo-konferans, kote chak patisipan chita devan ekran òdinatè li, kote l wè epi kapab koute sa lòt patisipan an ap di. Kèk santèn jèn ekonomis te patisipe nan rechèch la.

Ekonomi n ap viv ladan an rele « kapitalis »<sup>15</sup> oswa « neyo kapitalis », li chita sou yon ideyoloji oswa yon mòd panse « liberal »<sup>16</sup> ou « « neyo liberal ». Li gen kòm gwo prensip sa yo rele « mache lib la » ki regle ekilib ki dwe genyen ant sa yo ofri nan mache a ak sa yo mande pou achte (yo rele sa « lalwa òf ak demann »). Se ekonomi sa a ki kòmande diferan aktivite ekonomik ak relasyon ekonomik ki genyen nan tan n ap viv la ant moun ak peyi yo. Apa mache a ki lib, genyen tou zafè kapital la. Kapital, se lajan ak zouti pou reyalize pwodiksyon. Pou fè yon bagay ou bezwen kapital ak travay. Nan ansyen ekonomi kapitalis la, se kapital la ki gen plis fòs. Se kòm si travayè vin vann fòs travay yo pou yon salè ki pou ta pèmèt yo viv ak fanmi yo.

---

<sup>15</sup> Ekonomi kapitalis: si pi gwo fòs ekonomik yo se kapital (lajan, mwayen, ...) ak travay moun, ekonomi kapitalis bay lajan an plis pouvwa. Nan ekonomi kapitalis la, zouti yo pou pwodui richès se nan men prive yo ye.

<sup>16</sup> Liberal: mòd panse liberal la bay libète moun tout enpòtans, men se libète pou moun ki genyen mwayen, se yo k deside pou lòt yo. Li refize pou leta mele nan òganizasyon ekonomi an ak mache a.



Pap Franswa dekri rezilta mòd ekonomi nou genyen an nan *Evangelii Gaudium*, kote l di :  
li touye moun ; li fè moun tounen fatra.

**« Touye yon moun, se pa sèlman lè w rale yon kouto sou li. Kòmandman Bondye a di : pa touye. Pawòl la klè. Konsa nou dwe di tou : nou pa dakò ak yon ekonomi ki mete moun deyò, oubyen ki mete gwo distans sosyal ant moun. Paske yon ekomoni konsa ap touye moun. Pa egzanp : lè yon moun mouri ak grangou, sa se pa yon nouvèl. Men, lè bizniz yo wè yo fè mwens benefis, se sa k fè aktyalite (se sa k fè nouvèl). Se sa n rele eksklizyon (mete moun sou kote). Nou pa kab dakò lè gen kote yo jete manje, tandiske gen moun ki grangou. Se sa k fè n wè gwo distans ki genyen ant rich ak pòv.**

**Kounye a tout bagay tounen yon jwèt konpetisyon kote se fòs la ki konte ; sa k gen fòs ap manje sa k pi fèb la. Yon pakèt moun rete sou kote : yo pa gen travay, yo pa gen lavni, yo pa wè ki kote y ap jwenn yon solisyon. Moun yo menm tounen yon bagay yo kapab sèvi ak yo ; yo voye yo jete lè yo pa bezwen yo ankò. Yon bagay nouvo parèt ki pi mal pase eksplwate (peze souse) ak toupizi. Lè yo mete moun sou kote, yo menm pa manm kominote a oswa sosyete a ankò. Yo pa sou kote, men yo deyò. Yo pa eksplwate yo ankò, men yo jete yo tankou yon fatra. »**  
(EG, n. 53).

Men ki sa pap Franswa te ekri lè l te anonse rankont la sou yon lòt kalite ekonomi : nou bezwen « yon lòt kalite ekonomi ki pote lavi nan plas lamò, ki pèmèt moun patisipe olye li mete moun sou kote, ki fèt pou moun olye li fè moun pèdi valè yo, ki pran swen anviwònman an olye li gate l. » Sa vle di:

Nou bezwen konprann ekonomi ak devlopman yon lòt fason ;

Nou dwe konbat yon mantalite gaspiyay ; moun gen tandans pou gaspiye sa tè a bay, yo pa konsidere l kòm sa dwa ; men tou genyen sa moun reyalize ki pèdi.

Nou dwe ofri lapawòl bay moun ki pa gen lapawòl. Souvan moun ki pa gen lapawòl se travayè yo ak peyizan yo ; sa k gen lajan toujou gen plis pawòl pou pale.

Nou dwe pwopoze nouvo modèl lavi.

« Sèlman lè sistèm ekonomik ak sosyal nou pa fè yon sèl viktim ankò, lè menm yon sèl moun pa sou kote ankò, se nan moman sa a sèlman n ap kapab fete kè kontan fratènite inivèsèl la. »

Ann Ayiti nou konnen, si gouvènman an pa pwoteje mache lokal la, se yon dezaz pou popilasyon an menm, paske pwodui ki sòt lòt bò yo ap anvayi mache nou yo, epi sa moun yo pwodui sou plas pa p gen valè. An n gade ki jan noumenm nou konprann ekonomi peyi nou an ... Ki mak fabrik li ?

## Fè ekonomi nan senplisite !

*Tit la te atire atansyon n. Nou pran kèk lide nan yon editoryal Journal Le National te pibliye jou ki 20 me 2021; otè atik la se Dominique Domerçant. Nou pran kèk lide ki parèt pi enpòtan yo.*

Nan anpil fanmi nan peyi d Ayiti, tankou nan lòt peyi tou, li enpòtan anpil pou yo devlope yon lespri senplisite, sitou lakay jèn yo, nan tan kriz ekonomik n ap viv ladan an.

Senplisite a genyen yon pakèt avantaj ekonomik, edikatif ak etik ladan li nou dwe ajoute sou lis valè yo, tankou konesans ak konpetans ki nesèsè anpil pou pataje yo ak jèn yo ki la jodi a, ni ak paran yo, patnè yo ak sa yo konsidere tankou modèl yo.

Jèn yo toutan ap chèche sa k bèl ; men anpil nan yo tonbe fasilman nan yon seri deriv ki souvan difisil pou repare annapre. Yo tanmen prete lajan pou mete bèl rad ak bijou, yo vle genyen machin, bagay pou sèvi lakay men ki pa pou yo, pou fè bèl, pou parèt, menm si se yon fason ki pa dire.

Nan pi fò ka yo, se byen ta yo rive konprann : parèt epi jwenn konpliman nan men lòt, se bagay ki pa ale fon. Senplisite volontè se yon bon kalite ki pa gen parèy li. Sa k natirèl makònen ak senplisite. Ansanm yo senbolize yon bèlte ki pou tout kote ak pou

tout tan. Lè yo dirije konsyans ak aksyon jèn yo, ki anpil fwa nan chomaj, yo fè yo pa tonbe nan pwostitasyon, vòlò ak move zak ki difisil pou repare annapre.

Kapitalis la (kòm sistèm ekonomik ak mòd panse) makonnen ak yon sosyete plen ak enfòmasyon epi konsomasyon san gade dèyè. Li pouse n vle pa vle nan yon materyalis egzajere. Anpil jèn, ak granmoun tou, manke edikasyon nan domèn finansye, yo manke bay tèt yo valè, yo manke yon kilti ki bay senplisite a valè ; konsa yo tonbe fasilman nan fè depans inital, paske yo depase limit sa k itil pou antre nan sa k agreyab la.

Nou dwe edike timoun yo depi yo jèn, nan fanmi yo ak nan lekòl, pou yo wè tèt yo nan yon pwojè senplisite, san yo pa tonbe nan yon lavi monotòn, kote yo pa bay tèt yo valè. Ekonomi senplisite a ede jèn yo pa tonbe nan konpetisyon pou yo sanble ak yon seri idòl nan fason yo abiye yo, depanse, elatriye.

Ekonomi senplisite a ede n aprann nou dwe afime pwòp tèt nou, san n pa blije fè eksè pou sanble ak lòt.

Ekonomi senplisite mande plizyè bagay :

- Redefini kritè sa k bèl. Sa se travay fanmiy yo ak medya yo. Tousa yo di ki bèl jodi a e ki koute gwo lajan (plizyè santèn ak milye goud), denmen l ap tounen kanmenm nan kondisyon ki pèmèt tout moun jwenn yo.
- Pito envesti nan sa k dirab, envesti nan bon etid ak fòmasyon.
- Bay senplisite valè tankou yon fason pou mennen vi ou, pou gade lavi a, konsa nou pa p tonbe nan pyèj sosyete konsomasyon ki fè moun depanse e gaspiye lajan nan sa k pa nesèsè. Otè a pale sou « konsomatè ki pa konprann anyen ».

Pou fini, otè a mande : kilè y ap òganize nan lekòl nou yo aktivite edikasyon sou bèl rad ak sou ekonomi sa k bèl la, ki pa koute chè e ki pa fè bliye sa k pi konsekan an!

*Daprè Dominique Domerçant  
Editorial Le National 20 me 2021*

## Dwa pou fè edikasyon epi aprann nan lang manman ou

### Lekòl sipoze fèt nan lang kreyòl

*Fè edikasyon epi aprann nan lang manman yo, se yon dwa chak timoun genyen. Yon atik Ayibo Post pibliye ak lengwis Michel DeGraff konfime dwa sa a. CE-JILAP toujou te bay kreyòl la yon gran plas nan komunikasyon l yo, paske li vle pou dènye moun kapab li, etidye epi konprann dokiman li yo.*

Yon ansyen elèv nan yon kolèj prive t ap rakonte otè atik la, ki jan yo te blije pale franse pandan tan rekreyasyon nan lekòl la. Yo te konn bay sanksyon pou elèv yo trape ap pale lang manman yo. Elèv la rakonte: « Yo te konn mande manman m pou l pa pale kreyòl ak mwen lè nou lakay nou. Se pou li pale franse ak mwen pito. Men sa pa t janm fèt vre paske manman m pa t gen chans fè gwo klas lekòl ».

Pou kèk espesyalis, Ayiti pratike sa yo rele yon « diglosi ». Sa vle di: genyen de (2) lang k ap evolye kòtakòt, men yo chak gen pwòp estati sosyopolitik pa yo. Yon lòt manyè pou di kreyòl ak franse pa egal ego. Sa lakòz anpil diskriminasyon, epitou, li gen gwo konsekans sou aprantisay elèv yo, selon analiz espesyalis sa yo.

Lè elèv yo pale kreyòl oswa pale franse mawon nan kèk lekòl, yo imilye yo nan mitan moun.

Michel DeGraff se yon lengwis epitou li pwofesè Ozetazini nan *Massachusetts Institute of Technology (MIT)*. Li fè konnen tout baboukèt pou lang kreyòl la, se yon tradisyon ki pi danjere pase sa l ta ka kite nou wè, poutèt l ap chache kopye menm chema kolon blan ki te konn ap sèvi ak lang franse pou fè sila yo ki te konn pale kreyòl yo kwè yo pa moun, ni tou, lang yo an pa yon lang. Li fè konnen : tout pratik yo itilize pou fè timoun pa pale lang pa yo nan edikasyon « ap chache kraze lespri timoun nou yo depi yo piti jouk li rive chita lakay yo yon gwo konplèks sikolojik ».

Pifò moun nan popilasyon an ki ale lekòl pa pale franse byen. Se yon sitiyasyon pil prejije sa yo sou lang kreyòl la kapab ede nou esplike byen. Kèk rechèch syantifik montre timoun lan aprann pi byen nan lang manman l. « Kit se matyè yo aprann nan lekòl yo, kit se lang lòt peyi yo », pwofesè DeGraff presize.

Nan peyi Fenlann ak Nòvèj pa egzann, ansèyman fèt nan lang nasyonal. « Fenlann pa menm gen sis (6) milyon moun ki pale lang finwa, tandiske yo gen douz (12) milyon moun ki pale kreyòl. Malgre ti ponyen moun ki pale finwa, sistèm Fenlann se youn nan sistèm ki pi pefòman nan lemonn. Sitwayen peyi sa yo pa gen okenn pwoblèm pou yo aprann lang komèsyal tankou angle ». Gen yon gwo diferans ant aprann yon lang epi aprann nan yon lang. Nan peyi tankou Lafrans, « timoun yo aprann angle, men yo pa fòse timoun yo aprann ann angle, » kontinye pwofesè a.

Nan kèk lekòl an Ayiti menm, fòk ou pale franse si w vle pran lapawòl nan kèk kou tankou matematik ak fizik. Sa lakòz anpil elèv blije rete an silans menm lè yo pa konprann yon bagay nan yon kou.

Anbyans sa a oblije timoun lan wont lè l pale pwòp lang manman l. Elèv sa yo vin gen yon jan yo wè kreyòl la ki suiv yo rive jouk lakay yo. Yon elèv ki te nan gwo lekòl konsa, rekonèt li te fini pa tounen yon pwodui moun ki t ap fòme li yo. « M te konn gade elèv bò lakay mwen yo ki te konn pale kreyòl sou kote », li konfyè.

Dènye refòm kourikoulòm nan Ministè Edikasyon Nasyonal la parèt nan mwa desanm 2020 ki sot pase a. Dokiman sa a mande pou kreyòl la pa sèvi kòm zouti pou aprann ankò apre klas senkyèm ane. Poutan, pifò pwofesè yo pale kreyòl epitou li t ap pi alèz pou yo aprann elèv yo nan lang sa. Se rezon ki lakòz Michel DeGraff idantifye kourikoulòm sila tankòm yon « resèt pou echèk yon konsiltan k ap travay pou Leta franse li menm prepare ». Dokiman sa a mete kanpe yon baryè lengwistik ki tounen yon fwèt pou tout elèv ki fè lide yo pase pi byen nan lang kreyòl.

Pou rezoud pwoblèm sila, Michel DeGraff fè kwè solisyon an senp. Se pou ledikasyon fèt nan lang manman si tout bon Ayiti vle « jwi pwogrè syantifik ak aplikasyon li yo » jan atik 15 nan Konvansyon entènasyonal ki gen awè ak dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo mande sa.

Ki jan elèv yo ap ka jwenn ledikasyon jan sa dwe ye lè yon bon pati nan pwodiksyon entèlektyèl peyi a pa pwodui oswa tradui nan lang kreyòl? Sa n a di tou de travay ki rete pou fèt nan lang kreyòl la li menm menm, pou tradui yon seri konsèp epi pèmèt moun ki vle pwodui an kreyòl yo jwenn bon jan dokiman ki reponn ak estanda nòm yo?

Akademi kreyòl ak sistèm edikasyon an dwe jwe wòl yo paske gen anpil travay ki rete pou fèt toujou.

*Nou jwenn atik sa a nan Ayibo Post. Se Rebecca Bruny ki ekri li. Mwa me 2020*

## Jistis ak Lapè toupatou

### Afè esplwate forè nan peyi Papwa Nouvèl Gine

Peyi Papwa Nouvèl Gine aji yon fason fèm kont konpayi yo k ap esplwate forè yo lakay li. Komisyon an k ap kontwòle revni peyi a genyen (lakay nou, n ap di Minisè finans ak Lakou Siperyè Kont yo) te anonse y ap pran gwo mezi kont konpayi yo k ap esplwate forè yo lakay li. Sa fèt jou ki 10 me 2021. Yo te fè odit sou 20 konpayi pou wè si yo respekte lalwa. Nan lane 2019 Leta te monte pri taks konpayi yo dwe peye pou mennen aktivite yo nan peyi a. Egzanp: konpayi yo toutan t ap plenyen yo pèdi lajan, tandiske se gwo benefis, plizyè santèn milyon dola US, yo t ap reyalize.

Pandan dènye 10 lane yo, Papwa Nouvèl Gine tounen peyi ki pwodui pi plis bwa tropikal sou tè a. Men gen de (2) rapò *Oakland Institute* te fè ki montre konpayi yo pa peye taks yo kòm sa dwa, se piye yo t ap piye twazyèm pi gwo forè twopikal ki genyen sou latè beni.

Papwa Nouvèl Ginen bay prèv peyi nan Sid yo (sa n toujou rele peyi pòv yo) kapab aji kont gwo konpayi yo, depi gen volonte politik lakay yo. Yo dwe sèvi ak pouvwa yo genyen pou aji kont konpayi sa yo k ap detwi latè ak anviwònman an pou sèl enterè lajan yo; yo reskonsab pou detwi anviwònman an, pou koupe bwa san gade dèyè; konsa yo pami gwo reskonsab yo ki fè klima latè a ak sezon yo chanje.

### Kanpay Fratènite nan Legliz peyi Brezil

Chak lane pandan tan Karèm nan, depi 59 lane, Legliz nan peyi Brezil òganize sa yo rele yon kanpay fratènite. Tout Legliz nan peyi a selebre, motive, anime epi mennen aksyon sou yon sèl tèm yo fikse pou tout Legliz la. Peyi Brezil genyen 276 dyosèz ladan l. Kanpay Fratènite a se yon gwo fòs ak yon zouti enpòtan nan evanjelizasyon an. Pi fò tèm yo genyen rapò ak ansèyman sosyal Legliz la.

An Ayiti, chak lane depi 25 lane, JILAP pwopoze yon tèm refleksyon sosyal nan non lafwa pou pawas yo. Tan Karèm nan, kote n pran konsyans pi plis istwa pèp Bondye chwazi a ak lavi Jezikri ki pote delivrans ba nou, se gwo moman pou n konprann pi byen, anba limyè Lespri a, nou reskonsab pèp ak sosyete nou an.

Ki kote kanpay nan peyi Brezil la sòti? Li tanmen nan lane 1962, lè 3 pè brezilyen t ap òganize yon kanpay pou jwenn lajan pou soutni lavi ak pwojè sosyal Legliz la te genyen nan dyosèz Natal, nan Nòdès peyi Brezil. Apre 2 lane, 16 dyosèz te adopte mòd kanpay fratènite sila a. Apre Konsil Vatikan 2 a (1962 rive 1965), Konferans Evèk yo nan peyi Brezil te adopte yon plan ijans pou peyi a; epi nan lane 1967, Konferans la te adopte Kanpay Fratènite a pou tout peyi a. Kanpay Fratènite grandi pou l tounen yon plan evanjelizasyon ak plan aksyon pastoral pou tout Legliz la nan peyi a. Yo te chwazi pou kanpay lan kouvri tan karèm nan. Pandan 5 fwa, yo menm te rive òganize yon kanpay ekimenik, nan tèt ansanm ak Konsèy Nasyonal Legliz Kris yo.

Ann gade gran tèm yo Kanpay lan te adopte:

- 1962 rive 1972: renouvle Legliz la;
- 1973 rive 1984: divès tèm sosyal ak pwomosyon jistis la;
- 1985 rive 2021 : divès kesyon ki konsènen lavi moun : lamizè, vyolans, el.

Tèm ekimenik yo te fikse sou Diyite moun ak lapè (2000) ; solidarite ak lapè (2005) ; ekonomi ak lavi (2010) ; responsablite pou kay nou abite ansanm nan (2016) ; fratènite ak politik (2019).

Nan lane 2021, yo te chwazi : Fratènite ak dyalòg : yon angajman pou renmen. Gran eslogan an yo te chwazi : Kris se Lapè nou ; li ini sa k te divize (Efèz 2,14). Se yon kanpay ekimenik, paske dyalòg dwe ale pi lwen pase limit enstitisyon legliz nou yo. Li dwe rive jwenn tout moun ki sou kote jodi a : sa k sou kote poutèt sitiyoasyon sosyal yo rive ladan l, poutèt chapant sosyal, politik ak ekonomik nou yo. Genyen pakèt jèn ; genyen vye granmoun ; gen LGBT ; moun nwa yo, refijye, moun ki nan lari ki pa gen kay, moun ki pèdi travay yo, viktim kowona, fanm yo maltrete yo, el. Kanpay nan denonse tout kalite vyolans yo fè sou moun sa yo, pafwa menm nan non lafwa nan Jezikri. Yo denonse tout entolerans ki genyen ak tout endiferans ak neglijan bò kote otorite yo anvè moun sa yo ak lakay popilasyon an an jeneral, pou avanse nan direksyon yon lòt sosyete.

Objektif kanpay lan, jan yo fikse yo pou kounye a, nan liy Laudato Si, men yo :

- Reveye yon konsyans sosyal ak solidarite pami kretyen yo ak tout moun ki vle sa k bon, parapò ak divès pwoblèm moun genyen yo, epi pwopoze aksyon pou aji e rezoud sitiyasyon sa yo;
- Denonse peche sosyete a epi fè pwomosyon jistis ak sa k kòrèk la.

Metòd kanpay lan se gade byen gade pou konprann pwoblèm yo byen nan divès dimansyon yo: istwa, rasin, rezilta ak konsekans / kalkile byen kalkile nan limyè lafwa ak ansèyman Legliz la / epi, pwopoze aksyon efikas pou reponn ak sa n wè ak bezwen yo.

*Kèk pwèn ki merite refleksyon:*

Legliz Brezil se tout yon kontinan. Konferans Evèk yo reyisi elabore yon plan ansanm pou fòme pèp Bondye sou yon seri lide ki mare ak angajman sosyal kretyen katolik yo.

Nan peyi d Ayiti, Komisyon Jistis ak Lapè ap sijere chak lane yon tèm sosyal pou pawas yo kapab bay tan karèm nan yon oryantasyon sosyal. Legliz se nouvo pèp Bondye a ki genyen yon misyon nan yon sosyete konkrè ki se peyi d Ayiti jodi a.

Nou konnen gen pawas ki kontan resevwa dokiman sa yo epi ki sèvi ak li. Prezidan Komisyon yo, ki se Evèk yo nan chak dyosèz, abitye ankouraje inisyativ la, men pa gen yon ankourajman kolektif Evèk yo apre 25 lane inisyativ la egziste. Tout moun konnen Legliz nan peyi a pa pwopoze yon refleksyon kòdone sou lavi nan sosyete a. Komisyon Jistis ak Lapè investi jefò ak lajan nan travay la, paske li gen fèm konviksyon fòmasyon sosyal kretyen an enpòtan anpil. Komisyon an kontan li kapab konte sou yon ekip moun ki chak lane etidye epi kòmante dokiman an pou l byen reponn ak bezwen pèp Bondye a.

*Sous: yon enfòmasyon P. Daniel Orpilla, cicm, misyonè nan peyi Brezil*



## **800 lane pase : Franswa Dasiz rankontre siltan Malek Al-Kamil nan peyi Lejip**

4 oktòb chak lane, se fèt Franswa Dasiz ki sen. Nan lane 2019, plizyè kote sou latè, nan okazyon an yo t ap fè sonje yon evenman ki te rive 800 lane pase, lè Franswa t ap rann vizit kay siltan (chèf politik ak relijye nan sistèm mizilman an) peyi Lejip la ki te rele Malek Al-Kamil. Sa te fèt nan lane 1219. Plizyè kote sou latè yo te sonnen klòch legliz yo nan jou sa a, nan moman mizilman yo reyini pou fè lapriyè yo, jan yo konn fè chak vandredi a midi.

Rankont istorik ant Franswa ki sen ak siltan an te fèt nan vil Damyèt (Damiette) nan peyi Lejip. Damyèt sete yon vil kote mizilman, kreyen ak jwif te konn byen viv ansanm. Men vil la te anba menas lame kreyen oksidantal yo pandan 5yèm kwazad la. Yo te vle pran vil la pou, apre sa, yo te kapab pwopoze fè echanj pou mizilman yo bay vil Jerizalèm, paske li te nan men yo. Kreyen yo te vle reprann vil Jerizalèm nan poutèt diferan lye sakre yo kote Jezi te viv, se la yo ye. Depi lane 1187, Jerizalèm te nan men Sarazen yo, jan yo te konn rele mizilman yo. Finalman Damyèt ap tonbe jou ki 5 novanm 1219. Men apre sa, divizyon ap mete nan lame kreyen an ant franse ak italyen, ant kòmandan militè a ak anwaye espesyal Pap la. Konsa lame a vin fèb.

An n gade sa Franswa Asiz la te vin fè nan koze a. Franswa te vin rejwenn senkyèm kwazad sa a ak kèk nan konfrè l yo, men san yo pa t pote zam. Nan moman an, lame kreyen an te fò epi li te prèt pou pran vil la. Franswa t ap preche solda yo pou di yo li pa nesesè pou batay ankò, men li pa t gen anpil siksè, paske yo te gade l tankou yon moun fou, ki pa t kapab nwi yo. Konsa, yo kite l fè. Yon jou, Franswa decide al wè siltan an pou preche l epi pou l kapab konvèti l. Ak konfrè l yo, Franswa pwoche kot lame siltan an, epi li rele « Siltan! Siltan! » Sòlda siltan yo mennen l bay siltan an. Franswa pa gen misyon pou l al negosye, men li te vini pou preche siltan an ; limenm li akeyi li, epi ki koute l.

Mesaj Franswa sete yon mesaj lapè, yon mesaj sou Bondye, sou Jezi ak lavyèj Mari, sou konvèsyon, sou fratènite ki pa mete moun sou kote, sou lavi ak lakreyasyon an ki bèl e bon, sou syèl la kote y ap tann tout moun.

Franswa pa t reyisi konvèti siltan an, men li sòti lakay li kèk jou annapre san yo pa t fè l anyen. De (2) mwa apre rankont la, lame kwazad la anvayi vil Damyèt la epi yo sakaje l. Men nan kan anvayisè yo gen divizyon : franse ak italyen, chèf lame a (Jan de Brenn) ak delege pap la. Finalman apre kèk tan. Mizilman yo reprann vil la. *Siltan an bay twoup li yo lòd pou yo pote pen bay lame kretyen yo ki about, epi pou yo kite yo pati san yo pa t fè yo anyen.*

Eske vizit Franswa te itil kichòy ? Antouka, vizit la montre fòs non-vyolans la ak dyalòg la genyen. Depi nan epòk sa a deja yo te bay frè Fransisken yo otorizasyon pou òganize kote k sakre yo nan vil Jerizalèm ; Franswa te aprann nan fason mizilman yo fè lapriyè yo ; epi nan pwòp ekriti l yo, yo jwenn plis lide ak ansèyman sou imilite (fè kò w piti), sou lapè ak lafwa.

### **Kèk pozisyon Pax Christi nan dènye tan sa yo**

**Pax Christi nan peyi Otrich** voye jete pwojè Leta Izrayèl genyen pou mete men sou yon seri teritwa ki pou pèp Palèstinyen an. Yo di sa se yon gwo vyolasyon dwa entènasyonal la, se yon danje pou lapè nan zòn nan tou, paske li kapab kreye twoublay pami pèp yo, epi li pa ede byen viv ansanm pèp yo k ap viv laba a. Konsa, Pax Christi jwenn ak pozisyon Konsèy Mondyal Legliz yo (ki rasanble pi fò legliz pwotestan yo) ki te deklare dezakò l ak pwojè a. Li mande pou gouvènman peyi pa yo a jwenn ak apèl peyi Ewopeyen yo te voye bay gouvènman Israyèl pou abandone pwojè sa a.

**Pax Christi entènasyonal**, jou ki 19 jen 2020, te pibliye yon pozisyon nan menm sans tou, nan okazyon asasinay Georges Floyd [Jòj Flòyd], Breonna Taylor [Breyona Telò] ak Ahmaud Arber [Amoud Abè] ak tout lòt moun ki te mouri pou motif rasis Ozetazini. Pax Christi deklare : *li tan pou konstwi yon tè kote k gen plis ekite, plis kè sansib, jistis ak bon jan refleksyon.* Twòp manti te detwi bon relasyon ki dwe genyen nan mitan moun sou tè a. Rekonsilyasyon toujou difisil kote k pa gen verite, kè sansib ak lapè. Kovid 19 la montre vyolans lan ki genyen anndan sistèm nou yo, enjistis ekonomik, jan yo detwi ekoloji an, jan y ap mete zam pil sou pil, ak koze rasis la. Vyolans ki nan sistèm yo parèt toupatou sou latè beni. Nou plede pou yo jwenn solisyon pou diferan kriz yo nan lapè ak nan jistis.

An n soutni kanpay nan tout kontinan Amerik la:

## Dlo pou lavi



*Pax Christi Entènasyonal lanse yon kanpay mondyal sou dwa chak moun genyen pou jwenn dlo pwòp pou bwè.*

### Dlo pou lavi

Dlo ki pwòp pou tout moun, se yon moso nan lavni n ap konstwi, selon sa Legliz la anseye nan Laudato Si. Nou jwenn nan solidarite ak gwo kanpay n ap mennen ak tout frè ak sè n yo nan tout kontinan Amerik la ki anvi jwenn dlo kòm sa dwa.

Pandan mwa jen 2021 Pax Christi nan kontinan Amerik, te òganize yon konsiltasyon nan tout kontinan an, pou konnen sou ki sa pou l mete pi plis aksan nan ane k ap vini yo. Yo te bati ansanm yon plan estratejik. Komisyon Jistis ak Lapè an Ayiti ki manm asosye nan mouvman lapè entènasyonal la te patisipe nan konsiltasyon an.

Nan finisman konsiltasyon an, rezo Pax Christi a te lanse yon kanpay Dlo pou lavi, pou afime epi defann dwa chak moun ak chak kominote sou kontinan Amerik la genyen pou jwenn dlo pwòp pou bwè.

Anpil kote nan kontinan Amerik la, dwa sa a anba menas poutèt esplwatasyon min yo ki sal dlo rivyè yo pou lave tè a ak pwodui chimik pou jwenn metal ki genyen anpil valè tankou lò, kwiv, lajan, el.

Men ki sa yo ekri: « Nan tout kontinan an, nou tandè rèl pou gen jistis nan zafè dlo; se manm nou yo ak patnè nou yo ki pouse rèl sa yo paske yo reziste esplwatasyon (oswa fouye) min yo. Nou tandè sou lit kominote yo ap mennen devan gwo vyolasyon dwa moun ki fè yo viktim nan men gwo konpayi k ap fouye min epi k ap kontamine anpil anpil dlo. Konsa, gen pèp ki pa jwenn dlo pou yo menm an kantite, dlo ki pwòp pou lavi yo chak jou, dlo ki pa nwi sante

moun, dlo ki pèmèt yo travay tè yo. Anpil fwa kominote ki viktim sa yo, pa jwenn sipò ak jistis devan gwo menas sa yo. Vyolasyon dwa pou jwenn dlo genyen gwo konsekans pou kominote sa yo sitou nan zòn rural yo. Pami yo gen kominote moun ki desandan pèp ki sòt an Afrik yo, gen peyizan, gen pèp natifnatal yo. Gen moun ki pèdi vi yo, gen jaden ki pèdi, gen moun ki malad epi ki souffri. »

Devan reyalite sa yo Pax Christi entènasyonal lanse yon kanpay pou motive gouvènman yo nan kontinan an. Kanpay sa a rele: *Dlo pou lavi*. Gen 22 patnè Pax Christi ki siyen pozisyon an deja. Pami yo nou jwenn Komisyon Espiskopal Nasyonal Jistis ak Lapè (CE-JILAP) ak plizyè kongregasyon relijye.

Gen anpil materyèl yo prepare pou soutni kanpay nan nou kapab jwenn sou sit web <pac Christy>. Tout òganizasyon ki vle kapab jwenn kanpay nan epi mete non yo anba gwo deklarasyon ki soutni kanpay nan.

---

### **Kadinal Laurent Monsengwo, yon chanpyon nan batay pou non vyolans ak demokrasi nan peyi li, mouri**

Kadinal Laurent Monsengwo Pasinya, ki mouri nan peyi Lafrans jou ki 11 jiyè 2021, se ansyen achevèk Kinshasa. Monseyè a te prezide Konferans Evèk yo nan peyi Kongo, epi pandan 2 manda li te prezidan Senpozyòm Konferans Evèk Afrik ak Madagaska. Toupatou li t ap fè pwomosyon pou lapè, tolerans ak rekonsilyasyon.

Li te yon fòs lapè ak yon defansè demokrasi ak respè pou dwa moun ki pa t janm bouke nan patri l, RDC [Repiblik Demokratik Kongo]. Yo te chwazi l pou l te mennen Asanble nasyonal souvrèn nan ki pou te bay peyi a yon lòt direksyon. Li te toujou yon moun k ap bati pon nan mitan gwoup ki twouve yo nan opozisyon youn anfas lòt.

Mouvman katolik pou lapè Pax Christi Entènasyonal te chwazi l kòm ko-prezidan ansanm ak Marie Denis, yon fanm layik, depi 2007 rive 2011. Eritaj li ap kontinye paske travay li pou nonvyolans te enpòtan, sitou nan sa l te reyalize nan rejyon Gran Lak yo [zòn nan Lès peyi Kongo ak kèk lòt peyi ki vwazen]. Selon yon temwayaj Marie Denis, Monseyè te

« Chak moun genyen yon wòl pou ranpli nan ledikasyon pou lapè, larekonsilyasyon ak konsyans sivik la. Sa se yon defi pou nou tout, paske Lespri Bondye a dwe louvri lespri nou yo pou [n resevwa] lapè tè a pa kapab bay la. »

*Kadinal Laurent Monsengwo  
Pasinya (1939 – 2021)*

genyen yon gwo anvè pou fini ak vyolans la ki genyen nan pwòp peyi pa l. Se sa k fè tou, Pax Christi te pran pi gwo angajman pou non-vyolans ak rekonsilyasyon nan peyi Afrik yo. Konsa, Pax Christi mete sou pye yon rezò rejyonal k ap fè pledwaye. Lòt jefò ki rasinen nan lafwa yo, adrese ansyen konbatan ak timoun ki te gen zam nan gwoup ame yo ak travay kont esplatasyon ilegal resous natirèl yo ki nan rasin anpil nan konfli yo.

Li deklare : « Mouvmàn pou Lapè Pax Christi genyen tout enpòtans li, paske konfli ak zam yo ansanm ak vyolans lan kreye yon sèk [yon espiral] ki pa janm fini poutèt rankin ak vanjans. Tè a bezwen jistis ansanm ak padon, rekonsilyasyon ak lapè. »

*Sous : Kourye Pax Christi Entènasyonal, mwa jiyè*

### Ochan pou P. Miguel Jean Baptiste

Nan peyi nou Ayiti, nou sonje **P. Miguel Jean Baptiste**, defansè diyite ak dwa timoun ki rete ak moun, oswa « rèstavèk » yo. Li mouri nan dat 11 jiyè 2011. Li se fondatè Fwaye Maurice Sixto. Men sa l t ap di : Tout timoun se timoun, tout timoun gen menm dwa. ... « Wi » pou solidarite, « non » pou domèstisite. Pè Miguel te mennen anpil aksyon pou fanmi yo ki akeyi timoun fanmiy pòv yo, chanje konpòtman. Bay timoun manje, pa bay dwa pou fè yo tounen esklav.

**Fwaye Maurice Sixto**, ansanm ak **pwojè Vin Moun**, Sè Marthe Van Rompaey, icm, te fonde, se de (2) gwo pwojè nan peyi a pou retire timoun nan esklavaj « rèstavèk » la, pou yo kapab jwi diyite yo kòm pitit Bondye renmen. Yo toude se zanmi JILAP yo ye nan batay pou respè ak dwa tout timoun sou tè d Ayiti.



**« N ap mouri »  
Rapò sou kondisyon detansyon an Ayiti  
Rezime egzekitif**

Sèvis Dwa Moun Biwo Entegre Nasyonzini nan peyi Dayiti nan tèt ansanm ak Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun te ekri rapò a pou bay dizon yo sou gwo tèt chaje ki genyen nan koze dwa moun sou fason yo kenbe epi trete moun ki pa gen libète. Rapò a fèt sou sa Sèvis la te wè epi chita pale li te fè nan 12 vizit nan prizon yo, soti nan mwa janvye pou rive mas 2021.

Nan moman kote moun rete nan prizon pi lontan pase tan yo ta dwe fè a epi ki ap vini pi plis malgre tout jefò ki fèt – 82 % moun ki nan prizon poko jije nan dat 31 mwa Me 2021 an. Sèvis Dwa Moun rive verifye gen twòp moun nan pi fò prizon yo li te vizite. Zafè twòp moun sa ki nan prizon epi yo pa soti souvan pou pran van pafwa menm, ak bon jan pwòpte se vyolasyon dwa majorite moun ki nan prizon Sèvis Dwa Moun te vizite. Anplis, nan tout prizon Sèvis la te vizite, koze lamanjay, dlo epi bon jan laswenyaj prèske pa egziste. Manje yo pa t vini nan dat pou yo te rive epi li pa apil, menm bagay pou medikaman yo tou. Konsa, move kondisyon yo kenbe moun nan prizon jan Sèvis Dwa Moun te wè sa, se maspinay oubyen move trètman, ki pa gen anyen pou wè ak moun epi ki pa bon ditou.

San konte, Sèvis Dwa Moun dokimante zafè ajan prizon ki bat prizon yo lè yo fè dezòd pou pini yo oubyen lè yo kite sa fèt, se move zak ki pase tout tan nan prizon yo Sèvis la te vizite. Sa fèt malgre lalwa pa vle pou yo maspinen epi fè moun sibi move trètman ki pa gen anyen pou wè ak moun epi ki pa bon ditou.

Sitiyasyon moun ki pi frajil yo tankou fanm, timoun, moun andikape ak granmoun yo pa menm nan tout prizon kote yo kenbe yo. Konsa, vizit yo te pèmèt Sèvis Dwa Moun konstate se nan prizon fanm Kabarè ak nan Sant pou rebay bon jan elevasyon ak timoun ki gen pwoblèm avèk lalwa [nòt CERMICOL] ki jwenn pi bon sèvis. Se pa menm bagay nan lòt prizon ki pa nan Pòtoprens kote kondisyon yo kenbe moun yo pi difisil. Sèvis Dwa Moun wè granmoun ak moun andikape gen anpil difikilte pou yo jwenn sèvis nòmalman.

Anplis, Direksyon Administrasyon Penitansyè pa gen anpil pèsònèl pou byen jere, bay sekirite epi pèmèt prizon yo viv byen epi pa gen anpil ajan fanm pou sipèvize fanm ak tifi nan prizon ki pa nan Pòtoprens yo. Anplis, mwayen pou siveye epi kontwòle sa k ap fèt andedan ak deyò prizon yo

pa sifi, travay yo pa fèt jan sa ta dwe ye epi moun ki nan prizon pa twò gen mwayen pou pote plent epi jwenn reparasyon lè yo vyole dwa yo. Tout bagay sa yo bay enpinite jarèt pou vyolasyon moun yo te sibi.

Fas ak kondisyon detansyon ki pa gen anyen pou wè ak moun, ki blayi nan prizon yo, gouvènman an dwe pran prese prese, bon jan mezi pou amelyore sitiyaasyon prizon yo. Gouvènman an dwe montre bon jan volonte ki solid pou aplike tout rekòmandasyon rapò sa a, ak lòt mezi ki dwe pran pou fini ak zafè kenbe moun nan prizon san yo pa jije.

### Kèk konsiderasyon JILAP fè

1. Se toutan òganizasyon Dwa Moun nan Sosyete Sivil la nan peyi a ap fè rapò sou sitiyaasyon difisil ki pa fèt pou moun viv nan prizon yo nan peyi d Ayiti. Yo denonse kondisyon lavi moun yo, ak fason Lajistis pa pran ka yo: ki mennen detansyon prevantiv pwolonje ilegal la. JILAP menm te ekri DAP nan mwa desanm 2020; li mete pwopozisyon li yo nan rapò sou vyolans n. 78.
2. Gouvènman an (Ministè Lajistis) pwodui yon repons sou rapò UN / BINUH te fè
  - a. Yon bagay yo pa fè pou pwòp moun pa yo. Men ki sa yo di:
    - a. Yo atire atansyon sou limit rapò a kapab genyen, paske li fèt nan yon tan ki kout.
    - b. Ministè a di yo tanmen mete sou pye biwo BAL, jan yo te fè l nan Ti Gwav ak Okay. Yo tanmen fè konsiltasyon pou mete sou pye CNAL (Konsèy Nasyonal Asistans legal la). Lwa sou asistans legal la egziste depi 10 septanm 2018. Nou pa dwe bliye l.
    - c. Genyen yon plan estratejik sou aksyon pou mennen prese prese pou diminye detansyon prevantiv pwolonje a (2011-2012). Yo poko mete komite pou fè swivi a. JILAP fè sonje se pa premye plan ijans ak aksyon Ministè a mennen nan zafè detansyon pwolonje ilegal la. Pwoblèm nan toujou rete tennfas. Menm lè Prezidan an te mete yon komisyon pou fè ankèt espesyal nan lane 2019 sou prizon yo, komite te fè rapò l; men sitiyaasyon prizon pa chanje vrèman.
    - d. Nouvo Kòd penal la ak Kòd pwosedi penal ap vin lwa sèlman nan mwa jen 2022; men Ministè a deja ap gade ki jan yo kapab adapte sistèm sanksyon yo ak sa nouvo Kòd la mande. Yo gen tan fè yon reyinyon sou sa.
3. N ap gade pou pi devan si kondisyon moun nan prizon ak devan Lajistis ap chanje.

##

« Yon tan pou lakreyasyon »

1 septanm rive 4 oktòb 2021

Ki sa l ye?

Chak lane diferan legliz ap mennen yon kanpay ansanm pou kab gen plis respè pou tout lakreyasyon Bondye a.

Ki jan nou kapab patisipe?

Nan lapriyè ak nan aksyon n yo, kote nou bay lakreyasyon Bondye a yon bèl plas ladan l.

Ki angajman yo mande n?

Nou fikse yon angajman nou deside nan gwoup oswa nan rezo nou ansanm.

Eske JILAP ap antre nan koze a ak ki jan?

CE-JILAP deja antre nan kanpay kontinantal « dlo pou lavi ». An n pale ak otorite yo epi ak kandida otorite yo sou fason nou kapab pwoteje dlo a, pou asire dènye moun jwenn bon dlo pou sèvi ...

An n mennen kanpay kont tout kalite plastik ak fom k ap detwi anviwonman an.